



epanouyism an

LWA NAN QUEBEC

Men yon ti bout nan kèk lwa ki enpotan isit nan Quebec ki touche tout moun kap viv omoseksyalite yo.¹

Youn pati nan Chat dwa et libete pou moun ki nan Quebec

Tout moun gen dwa ak libete, san yon moun pa rete deyo paske moun se youn lot ras, paske moun nan gen youn lot koulè, paske moun ansent, paske moun gen youn lot preferans seksyèl, si li marye ou non, laj moun nan, si selman la lwa ta di pou relijyon, konviksyon politik, lang moun nan pale ya, kote moun nan soti ya, kondisyon sosyal moun ak si moun nan kokobe.

Dispozisyon Kòd sivil nan Quebec pou adopsyon

Lè paran ti moun ki adopte gen men seks li rete nan papye sivil la tankou de papa ou de manman sa depan de ka a. Sa kapab rive ke la lwa ka bay chak paran yon seri dwa ak obligasyon ki difèran. Nan ka sa a si yon nan paran yo se fanmi ti moun nan yap okòde moun sa a dwa ak obligasyon yon papa si se de gason ki adopte ti moun nan, ou dwa ak obligasyon manman si se de fanm. E lòt moun nan ki ap viv ak paran an e ki adope a gen dwa ak obligasyon ke la lwa bay dezièm paran an. Si oken paran yo pa fanmi ti moun nan ke yap adopte a, se jijman adopsyon an ki ap deside dwa ak obligasyon chak moun yo.

1 Tradiksyon lib ki fèt ki soti nan lang franse

KONPRANN LOMOSEKSYALITE

Quebec se youn sosyete kote chak moun jwen'n anpil proteksyon legal ki regade preferans seksyèl moun nan. Tankou nou menm imigran ki fenk rantre nan peyi ya, nou we sa tankou youn sipriz pou nou jan nou we anpil gason ki renmen gason ak fanm ki renmen fanm, kason ki renmen ni fanm ni gason et fanm ki renmen fanm ak gason fason moun sa yo ap viv vi yo isit, osinon kouman sosyete Quebec la pa gen ankenn pwoblèm ak moun ki renmen menm seks parey yo. Etan ke moun ki fek vini nan Quebec ou gen anpil chans pou rankontre tout moun sa yo nan katye ou rete, nan travay ou, nan lekòl ou ou nan mitan zanmi zanmi-w yo. Si ou menem ou se youn omoseksyèl ou byen ou ak vwal e ak vapè, ou pral kapab viv vi ou jan ou vle. Bi ti liv sa, se ba ou enfòmasyon ki pou pèmèt ou konpran kouman bagay yo fè nan peyi isit.

respè



RESOUS POU MOUNE SA YO

Men kek resous pou gason ki remen gason, fanm kap viv ak fanm pou moun ki renmen ni fanm ni gason an menm tan, moun ki chanje seks yo.

Action Séro Zéro (Promotion de la santé et du mieux-être auprès des hommes gais et bisexuels) www.sero-zero.qc.ca • 514-521-7778 poste 229

Alterhéros (Information, éducation, sensibilisation, aide et soutien) www.alterheros.com • 514-846-1398

AGIR (Action Gai-Lesbienne pour Immigrants & Réfugiés) glair@sympatico.ca

Amnistie Internationale-LGBT (Réseau de soutien) www.ai-lgbt.org • ai_lgbt@yahoo.ca

Arc-en-ciel d'Afrique (LGBT Africains et Caribéens) www.arcencielfafrique.org • info@arcencielfafrique.org

Association des mères lesbiennes du Québec info@aml-lma.org www.aml-lma.org • 514-846-1543

Association des transsexuels et transsexuelles du Québec 514-254-9038 • ecoute@atq1980.org • www.a-t-q.org

Bi-Unité Montréal (Personnes bisexuelles) info@biunitemontreal.org www.algi.qc.ca/asso/bum/intro.html

Ethnoculture (Événements ethnoculturels LGBT) www.ethnoculture.org

Ga'ava (Groupe juif) gaava.mtl@gmail.com

Gai Écoute (Ligne d'écoute en français et autres services) 514-866-0103 • 1-888-505-1010 • www.gaiecoute.org

Gay-Line (Ligne d'écoute en anglais) 514-566-5090 • 1-888-505-1010 • www.gayline.qc.ca

GDM (Groupe de discussion pour hommes gais en espagnol) gdm.charlagay@gmail.com • www.gai-gdm.org • 514-527-4417

GLAM (Groupe asiatique) www.glamontreal.org • glamtl@yahoo.ca

HELEM (Groupe libanais) www.helem.net • 514-806-5428 mtl@helem.net

Multimundo (Coalition d'organismes LGBT ethnoculturels) ca.groups.yahoo.com/group/Coalition-MultiMundo

Projet 10 (Groupe de soutien pour les LGBT de 14-25 ans) www.p10.qc.ca • questions@p10.qc.ca

Zaafaran (Groupe de femmes LBTBT du Moyen-Orient et du Maghreb) contact@zaafaran.org • www.zaafaran.org



Grande de Recherche et d'Intervention Sociale gais et lesbiennes
C.P. 476, Succursale C, Montréal (Québec) H2L 4K4
(514) 590-0016 • info@gris.ca • www.gris.ca

Mwen akeyi, ou akeyi m



Youn pil ak pakèt difèrans, se richès pou tout moun





ÈSKE OU KONNEN ... ?

Omoseksyalite se pa yon bagay moun trape.

Moun ki pa omoseksyèl pap vinn omoseksyèl paske yo zanmi ak yon omoseksyèl, menm jan an tou yon omoseksyèl pap vinn chanje paske li ap viv nan mitan yon pil lòt moun ki pa omoseksyèl. Omoseksyalite se pa yon malidi, kidonk li pa kontajye. **Kijan yon moun viv seksyalite li se nan nannan moun nan li ye** e lòt moun ke ou an kontak ak yo pa gen ankenn infliyans sou sa.

Moun pa chwazi pou yo omoseksyèl.

Moun pa chwazi ki seks ou vle renmen. Ke ou te yon moun ki renmen yon seks ki diferan avek seks paw, ke ou se yon moun ki renmen menm seks avew, ke ou se yon moun ki renmen tou de seks yo, ankenn moun pa chwazi pou ki jan de moun kè li bat. **Sèl chwa yon omoseksyèl ka fè se deside si li ap rete nan kache ou si lap viv vi li o gran jou** tankou tout lòt mounn fè li.

Yon gason ki renmen gason pa obligatwaman gen manyè fanm, men jan an tou yon fanm ki renmen fanm pa obligatwaman gen pòs gason.

Menn si gen sèten omoseksyèl ki kapab samble gen manyè fanm, gen anpil lòt ki pa konsa. Se menm jan an tou nan mitan fanm ki renmen fanm ou kapab jwenn yon pati ki gen pòs gason e yon lòt pati ki rete fanm nan tout sa yap fè. **Gès you moun pa gen anyen poul wè ak oryantasyon seksyèl moun nan.** Se menm jan gen gason ki renmen fi sèlman ki gen gès fi lakay yo et se menm pou fanm yo ki renmen gason sèlman ki gen gès gason la kay yo.

Se pa paske yon gason pran yon desepeyasyon nan men yon fanm ke lap vinn tounen omoseksyèl pou sa, menm bagay la pou yon yon fanm.

Anpil moun ki nan relasyon gason ak fanm konn viv yon pèn domou nan yon moman nan vi yo, sa pa fè ke pou yo chanje oryantasyon seksyèl yo. Omoseksyèl yo kapab viv pèn damou yo menm tou, men yo pas change pou yo vinn renmen fanm si se gason yo te renmen ou renmen gason si se fanm yo te pito. Oryantasyon seksyèl moun nan se yon bagay ki fè pati fondal natal chak moun e **movè eskperyans moun nan ka fè pa gen ankenn enfliyans sou li.**

Lomoseksyalite ekziste nan tout peyi sou l tè.

Se pa sèlman nan oksidantal yo ou jwenn omoseksyèl sèlman, ni se pa sèlman blan ki omoseksyèl. Sa ka samble nan sèten peyi pa gen omoseksyèl. Men se sèlman yon movè empresyon ki lye ak kontèks sosyal, politik ak relijye ki fè ke nan peyi sa yo pa vle wè omoseksyèl. Se konsa moun sa yo obligè kache lanmou you santi ya, pou yo pa viktime de moun kap viv bokote yo, ki ka fè vyolans sou yo, mete yo nan prizon menm touye yo, malgre sa omoseksyalite ya pa absan men yo fèl an kachèt.

Omoseksyalite ak moun kap vyole timoun se de bagay komplètman diferan.

Omoseksyalite ya se yon atirans yon moun ki gen konpran'n ki vle viv avek youn lot moun ki gen menm konpran'n avel. **Men, yon vyolè timoun se yon moun ki derange** nan tèt ki se ak timoun li vle kouche, ke timounn nan gen menm seks ak li oubyen ke li enm seks ak li. Deranjman sa pa gen okenn rapo ak omoseksyèl yo. Nou jwen'n jan de moun sa yo e nan mitan moun ki pa omoseksyèl et nan mitan omoseksyèl yo.

Immigration
et Communautés
culturelles

Québec

Domkiman sa reyalye gras a sipò lajan
Programme d'appui aux relations civiques et
interculturelles (PARCI) du ministère de l'Immigration
et des Communautés culturelles.



E s p r i o u v è p o u
a k s e p t e l è t k i d i f e r a n

M w e n a k e y i ,
o u a k e y i m



LWA NAN CANADA

Men yon ti bout nan kèk lwa ki enpotan isit nan Canada ki touche tout moun kap viv omoseksyalite yo.¹

Youn pati nan Chat dwa ak libète pou moun ki nan Canada

La lwa pa ekzante pèsonn e li aplike pou tout moun menm njan, e tout moun gen menm dwa pou la lwa pwoteje yo e pou yo gen menm benefis nan la lwa, san pa gen moun kap gade w mal, paske ou se youn lot ras, ou soti nan youn lot peyi, ou gen youn lot koulè, pou relijyon w, pou seks ou, pou laj ou, pou tèt ou pa ka reflechi menm janm ak tout moun ou byen pou tet ou gen youn defomasyon nan kow.

Kek pati nan lwa nan Canada pou maryaj sivil

Lwa nan Canada bay dwa ak libète nan respè et egalite ke otorite yo dwe rekonèt moun ki gen menm seks kapab marye sivil. (...) Ke maryaj la, sou plan sivil, se inyon legal de moun, eksepte tout lòt moun. (...) Yo di ke moun ki chèf nan legliz yo lib pou yo refize fè yon maryaj si li pa chita kole ak kwayans yo.

¹ Tradiksyon lib ki fèt ki soti nan lang franse